

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Hakékatna mah basa téh mangrupa alat pikeun nepikeun eusi pikiran, rasa, kahayang, jeung pamaksudan. Cara nepikeun eusi pikiran, rasa, kahayang, jeung pamaksudan bisa langsung bisa ogé sacara teu langsung. Ngébréhkeun rasa atawa pikiran sacara langsung bisa dilaksanakeun ngaliwatan gunem catur antara panyatur jeung pamiarsa. Ari ngébréhkeun rasa atawa pikiran sacara teu langsung bisa ngaliwatan tulisan.

Tulisan mangrupa hasil tina kaparigelan nulis. Kaparigelan nulis téh salah sahiji tina opat kaparigelan basa. Opat kaparigelan basa ngawengku kaparigelan ngaregepkeun, kaparigelan nyarita, kaparigelan maca, jeung kaparigelan nulis. Sanajan éta opat aspék kaparigelan basa téh teu sarua *frékwénsi* makéna, tapi éta opat kaparigelan téh miboga kalungguhan nu sarua pentingna dina kahirupan. Salian ti éta, opat kaparigelan téh antara hiji jeung nu séjénna teu bisa dipisahkeun éstu gumulung sarta silih pangaruhan. Saurang jalma dianggap ngabogaan kaparigelan basa lamun éta jalma téh parigel ngaregekeun, maca, nulis jeung nyarita (Haerudin spk., 2013, kaca 1).

Nulis mangrupa kaparigelan basa nu sipatna produktif jeung éksprésif. Kaparigelan nulis kacida pentingna. Nulis ngahasilkeun hiji produk mangrupa tulisan. Tulisan boga fungsi pikeun ngébréhkeun rasa jeung eusi pikiran nu nulis. Kagiatan nulis salian ti sarana pikeun ngébréhkeun eusi pikiran jeung perasaan nu nulis, ogé mangrupa prosés *perekaman* hiji basa. Boh ngarékam kamekaran basa hiji pribadi, boh kamekaran basa hiji bangsa atawa sélér bangsa. Kamekaran kamampuh ngagunakaeun basa hiji jalma bisa ditilik tina dokumén hasil tulisanana. Pangaweruh ngeunaan kamekaran basa Sunda ti jaman ka jaman dipaluruh ngaliwatan hasil tulisan, boh dina wangun karya sastra boh non sastra.

Maca mangrupa kaparigelan basa nu sifatna pasif résesif. Kaparigelan maca mangrupa kaparigelan nu diperlukeun supaya paham kana informasi nu ditepikeun dina wacana tulis. Dina jaman kiwari kaparigelan maca kacida

Sri Asdianwati, 2016

KARANGAN DÉSKRIPSI SISWA KELAS V SDN RÉGOL 13 GARUT

PIKEUN MODÉL TÉKS BACAAN SISWA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pentingna dina kahirupan. Dina jaman globalisasi kawas kiwari, informasi pasuliwer ka ditu ka dieu kalawan gancang pisan. Salah sahiji wujud informasi nu nyebar téh mangrupa wangun tulisan. Supaya paham kana éta informasi mutlak pelu kagiatan maca .

Saperti nu disebutkeun di luhur yén opat kaparigelan basa téh gumulung sarta saling pangaruhan. Kaparigelan nulis kacida dipangaruhan ku kaparigelan maca. Kaparigelan nulis hiji jalma bisa mekar lamun inyana mindeng maca tulisan aya hubunganana jeung tulisan nu rek dijieunna. Kaparigelan maca bisa mekar lamun bahan bacaan (wacana) nu dibaca luyu jeung kamekaran jiwa katut kamampuh nu macana.

Wacana nu panglobana diajarkeun di sakola dina Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda taun 2013 nyaéta wacana déskripsi. Wacana déskripsi diajarkeun ti kelas hiji (sakola dasar) nepi ka kelas dua belas (sakola menengah). Kurikulum Basa dan Sastra Sunda taun 2013 meredih siswa supaya weruh ngeunaan wacana déskripsi jeung parigel dina nyieun karangan déskripsi.

Aspék pangaweruh nu aya hubunganana jeung pangajaran déskripsi di sakola dasar ngawengku mikawanoh téks déskripsi pikeun kelas hiji jeung kelas dua, ngimetan téks déskripsi pikeun kelas tilu, ngagali eusi téks déskripsi pikeun kelas opat, sarta paham ngeunaan téks déskripsi pikeun kelas lima jeung genep. Ari aspék kaparigelan ngeunaan pangajaran wacana déskripsi ngawengku nuliskeun (deui), jeung nyaritakeun eusi wacana déskripsi pikeun kelas hiji, dua jeung tilu, sarta nyusun téks déskripsi kelas opat, lima jeung genep.

Dina aspék kaparigelan Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda taun 2013, miharep ti mimiti kelas opat sakola dasar siswa bisa nyusun karangan déskripsi. Di kelas opat siswa dipiharep bisa nyusun karangan déskripsi maké basa sorangan. Hal éta ditembrakkeun dina kompetensi dasar no 4.4.4 nu unina : *Menyusun teks deskripsi tentang berbagai jenis pekerjaan dengan kata-kata sendiri*. Di kelas lima kurikulum miharep siswa bisa nyusun karangan déskripsi maké basa Sunda nu alus saluyu jeun kompetensi dasar no 5.4.1 nya éta: *Menyusun teks*

deskripsi tentang jenis permainan tradisional Sunda dengan berbahasa Sunda yang baik.

Dina Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda Taun 2013 karangan déskripsi siswa kelas lima dipiharep geus maké basa Sunda nu alus. Hasil karangan déskripsi siswa kelas lima bisa dimangpaatkeun pikeun dipaké modél téks bacaan pikeun siswa, pikeun mekarkeun kaparigelan maca jeung nulis siswa.

Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda Taun 2013 bagian tina Kurikulum 2013 (Kurikulum Nasional). Kurikulum Nasional mimiti dilaksanakeun dina taun ajaran 2013/2014 di sababaraha sakola percontohan. Nurutkeun Keputusan Kepala Badan Penelitian Dan Pengembangan Kementrian Pendidikan dan Kebudayaan RI no 022S/H/KR/2015 SDN Regol 13 dina proses pangajaranana maké Kurikulum 2013. Hal éta leuwih dikuatan deui ku Keputusan Dirjen Dikdasmen no. 267/C/KL/2015 nu netepkeun SDN Regol 13 jadi SD Pembina. Kulantaran kitu, panganjaran Basa Sunda nu diajarkeun di SDN Régol 13 Garut madoman kana Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda Taun 2013 nu saluyu jeung Peraturan Gubernur Jawa Barat No 69 taun 2013.

Panalungtikan ngeunaan karangan déskripsi siswa sakola dasar dina basa Indonesia kungsi dilaksanakeun ku KMS Muharam Saribi (2014) ti Program Studi Pendidikan Guru Sekolah Dasar Jurusan Ilmu Pendidikan Fakultas ilmu Pendidikan Universitas Bengkulu, dina judul skripsi “Peningkatan, Kemampuan Menulis Karangan Déskripsi dengan Penerapan Metode Mind Mapping Pada Kelas V SDN 55 Kota Bengkulu”. Dina wangun tesis panaluntikan ngeunaan karangan Déskripsi di sakola dasar kungsi dilaksanakeun ku Zukarnain ti Program Studi Pendidikan Dasar Universitas Pendidikan Indonesia Bandung, dina judul “Model Pembelajaran Kooperatif Tipe Think Talk write (TTW) Untuk Meningkatkan Kemampuan Menulis Karangan Déskripsi dan Berpikir Kritis (Studi Kuasi Eksperimen Terhadap Siswa Kelas 4 SDN Sukajadi 8 dan 9 Kec Sukajadi Kota Bandung)”.

Sri Asdianwati, 2016

KARANGAN DÉSKRIPSI SISWA KELAS V SDN RÉGOL 13 GARUT

PIKEUN MODÉL TÉKS BACAAN SISWA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Éta dua panalungtikan téh ngulik perkara karangan déskripsi dina pangajaran, utamana mah medar cara ngajarkeun karangan déskripsi ka siswa SD. Panalungtikan ngeunaan karangan déskripsi di sakola dasar téh masih perlu dilaksanakeun lantaran réa kénéh hal-hal anu can kagarap. Upamana waé, kumaha karangan déskripsi siswa mun dianalisis tina aspék-aspék karangan saperti gagasan, organisasi gagasan, adegan kalimah, pilihan kecap, jeung unsur mékanik, anu engkéna dijadikeun modél téks bacaan siswa.

Dumasar kana éta katerangan, panalungtikan ngeunaan karangan déskripsi siswa sakola dasar masih kénéh perlu dilaksanakeun. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Karangan Déskripsi Siswa Kelas V SDN Régol 13 Garut Pikeun Modél Téks Bacaan Siswa” dilaksanakeun.

1.2 Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dina Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda taun 2013 henteu disebutkeun sacara langsung ngeunaan kaparigelan basa nu opat tadi. Sanajan kitu, enas-enasna mah angger meredih sangkan siswa parigel dina kaprigelan basa nu opat téa. Hal éta dijelaskeun dina Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda taun 2013 (2013, kaca16) yén salah sahiji kamampuan peserta didik nu dipiharep nyaéta miboga kamampuan pikeun ngalakukeun komunikasi.

Komunikasi bisa dilaksanakeun sacara lisan jeung sacara tulisan. Dina komunikasi sacara tulisan merlukeun kaparigelan maca jeung nulis. Dina kaparigelan nulis aya sawatara aspék anu kudu dianalisis sangkan bisa dipaké modél téks bacaan siswa. Éta aspék-aspék téh nyaéta gagasan, organisasi gagasan, adegan kalimah, pilihan kecap, jeung unsur mékanik saperti éjahan jeung tanda baca. Ieu panalungtikan dirancang pikeun ngulik karangan déskripsi anu ditulis ku siswa kelas V B SDN Régol 13 Garut anu dianalisis tina aspék-aspék karangan sarta engkéna bakal dipilih pikeun dijadikeun modél téks bacaan siswa.

1.2.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang katut watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun dina wangun kalimah pananya di handap .

- a. Kumaha wangun karangan déskripsi murid kelas V SDN Régol 13 Garut taun pangajaran 2015/2016?
- b. Topik naon waé nu aya dina karangan déskripsi murid kelas V SDN Régol 13 taun pangajaran 2015/2016?
- c. Kumaha kamampuh siswa V SDN Régol 13 Garut taun pangajaran 2015/2016 dina nyieun karagan déskripsi?
- d. Kumaha *keterbacaan* karangan déskripsi murid kelas V SDN Régol 13 Garut taun pangajaran 2015/2016 nurutkeun Formula Fry jeung tést rumpang?
- e. Kumaha karangan déskripsi murid kelas V SDN Régol 13 Garut taun pangajaran 2015/2016 mun dijadikeun modél téks bacaan siswa?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah, ieu panaluntikan boga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- a. Wangun karangan déskripsi siswa kelas V SDN Régol 13 Garut taun pangajaran 2015/2016;
- b. Topik karangan déskripsi siswa kelas V SDN Régol 13 Garut taun pangajaran 2015/2016;
- c. Kamapuh siswa kelas V SDN Régol 13 Garut taun pangajaran 2015/2016 nyieun karangan déskripsi;
- d. Keterbacaan karangan déskripsi murid kelas V SDN Régol 13 Garut taun pangajaran 2015/2016 nurutkeun Formula Fry jeung tést rumpang; sarta
- e. Karangan déskripsi murid kelas V SDN Régol 13 Garut taun pangajaran 2015/2016 nu dijadikeun modél téks bacaan siswa.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat boh sacara tiori atawa sacara praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep méré informasi pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan wangun karangan jeung bahan ajar maca.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis hususna pikeun guru, siswa jeung nu nalungtik.

- Pikeun Guru, ngaliwatan ieu panalungtikan, guru bisa nambahan pangaweruhna ngajar karangan déskripsi.
- Pikeun Siswa, hasil ieu panalungtikan bisa jadi pangrojong pikeun siswa sakola dasar supaya mikaresep pangajaran nulis.
- Pikeun nu nalungtik ieu panalungtikan bisa mikanyaho leuwih jero ngeunaan karangan déskripsi siswa kelas V SD

1.5 Stuktur Organisasi Tulisan

Hasil panaluntikan baris ditepikeun dina wangun tulisan nu sistematis nu diwangun ku lima bab, anu eusina diwincik ieu di handap.

Bab I bubuka, eusina kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, manpaat panalungtikan jeung struktur organisasi hasil laporan panalungtikan.

Bab II ulikan tiori, eusina ngawengku tiori jeung data-data panalungtikan nu geus aya. Tiori nu dipedar nya éta tiori kamampuh nulis jeung tiori kamampuh maca. Tiori kamampuh nulis nyoko kana tilu hal, nyaéta (1) watésan nulis, (2) wangun karangan déskripsi (3) ngajén karangan. Ari tiori kamampuh maca nyoko kana 3 hal, nyaéta (1) watésan maca, (2) keterbacaan, jeung (3) model téks bacaan .

Bab III métode panaluntikan, anu eusina ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data panalungtikan, instrumén panalungtikan jeung analisis data.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, anu eusina ngawengku analisis jeung déskripsi ngeunaan wangun karangan déskripsi, ajén karangan déskripsi nurutkeun Jacob spk., keterbacaan karangan déskripsi dumasar Formula Fry jeung térs rumpang, sarta déskripsi ngeunaan modél téks bacaan pikeun siswa SD.

Bab V kacindekan jeung saran, anu eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran-saran nu patali jeung ngamangpaatkeun hasil panalungtikan.